

A

- abolition / abolisyon** se fen imedyat lesklavaj (p. 199)
- affirmative action / aksyon afimatif** se yon aksyon pou amelyore fason yo anboche moun nan travay oswa opòtinite pou gwoup minoritè yo edikasyon (p. 813)
- alien / etranje** se yon moun k ap viv nan yon peyi san li pa sitwayen peyi a (p. 157)
- allotment / mòso tè** se yon mòso tè yo asiyen yon moun oswa yon fanmi pou fè lakilti (p. 302)
- amendment / amandman** se yon chanjman nan Konstitisyon an (p. 112)
- Americanization / Amerikanizasyon** se tout sa ki lakòz yon moun genyen aspè ak karaktè ameriken (p. 357)
- amnesty / amnisti** se lè yo akòde gras pou yon gwo kantite moun (p. 267)
- amphtrac / anfrak** se yon traktè anfibi ki sèvi pou deplase twoup nan bato pou mete yo sou kòt la (p. 636)
- anarchist / anachis** se moun ki kwè pa ta dwe gen okenn gouvènman (p. 483)
- annexation / aneksyon** se ajoute yon teritwa sou domèn yon peyi (p. 207)
- annuity / anwite** se lajan ki peye dapre yon kontra sou yon baz regilye (p. 298)
- appeasement / apèzman** se akseptasyon demand pou kapab evite konfli (p. 590)
- appropriate / afekte** se alokasyon lajan pou depans (p. 124)
- arbitration / abitraj** lè de (2) pati dakò pou yo aksepte desizyon yon lòt moun ki san paspouki pou yo kapab rezoud yon diskisyon (pp. 330, 429)
- armistice / amistis** se yon antant pou sispann goumen pou yon ti tan (p. 468)
- assembly line / chèn montaj** se yon sistèm pwodiksyon avèk machin ak travayè ki òganize pou chak moun kapab fè plizyè travay yo ba li a pandan atik la ap pase devan li (p. 515)
- assimilate / asimile** se entegre yon gwoup nan yon kilti yon pi gwo popilasyon (p. 302)
- astrolabe / astwolab** se yon aparèy ki itilize pou detèmine direksyon, latitud ak lè lokal la (p. 21)
- attrition / izi** se fatig nètale akòz arasman oswa atak (p. 247)

B

- baby boom / bebiboum** se yon ogmantasyon enpòtan nan nesans, tankou sa ki te rive nan Etazini apre Dezyèm Gè Mondyal (p. 694)
- bailiff / uisye** se yon ti ofisye sibaltèn tribinal yo (p. 536)
- benevolent society / sosyete benevòl** se yon asosyasyon ki konsantre sou gaye pawòl Bondye epi konbat pwoblèm sosyal (p. 195)
- bilingualism / bilengwis** se pratik pou anseye elèv imigran yo nan pwòp lang yo (p. 815)
- bill / pwojè-lwa** se yon lwa ki pwopoze (p. 125)
- binding arbitration / abitraj obligatwa** se pwosesis kote yon pati net tandè agiman de (2) pati opoze yo pou l adopte desizyon toulède pati yo dwe aksepte (p. 567)
- black codes / kòd nwa** se lwa ki te adopte nan Sid yon ti tan apre Lagè Sivil. Lwa sa yo te la pou kontwòle esklav lib yo epi pou pèmèt pwopriyetè plantasyon yo eksplwate travayè ameriken nwa yo (p. 269)
- black power / pouvwa nwa** se mobilizasyon pouvwa politik ak ekonomik Ameriken Nwa yo, espesyalman pou fè respekte dwa yo epi pou amelyore kondisyon yo (p. 764)

blitzkrieg / blitskrig se non yo te bay atak brital Alman yo te konn fè sanzatann pandan Dezyèm Gè Mondyal la; “atak sipriz” (p. 591)

blockade runner / krazèd blokis se bato ki navige nan yon zòn ki anba blokis, anjeneral pou pase manje an kachèt nan yon zòn pwoteje (p. 250)

blue-collar / kòl ble se djòb nan zafè travay alamen, espesyalman pou moun ki oblije mete abiman pwoteksyon (p. 693)

blues / ble se estil mizik k ap evolye nan espirityal Ameriken Nwa yo epi ki enpòtan pou son melankolik li (p. 500)

Bohemian / Bohemyen se yon moun (tankou yon atis oswa yon ekriven) k ap mennen yon mòdvi ki pa konvab (p. 493)

bonanza farm / fèm paktòl se yon gwo fèm plantasyon ble ki kapab bay anpil pwofi (p. 294)

bond / bon se yon nòt gouvènman an emèt pou li pwomèt peman yon det okonplè epi avèk enterè (p. 153)

bounty / prim se yon lajan yo bay tankou yon rekonpans pou ankouraje moun antre nan lame (p. 250)

brinkmanship / tenasite se volonte pou rive nan dènye limit lagè pou fòse opozan an fè macharyè (p.677)

broker state / leta net se wòl gouvènman an pou li pa mele nan konfli pami gwoup enterè ki an konpetisyon yo (p. 577)

budget deficit / defisi bidjetè se montan lajan ki manke lè depans yo pi plis pase revni yo (p. 867)

bull market / mache nwa se yon peryòd long kote pri pwovizyon ogmante (p. 531)

burgesses / sitwayen donè se reprezantan asanble jeneral koloni Vijini (p. 46)

busing / ranmasaj eskolè se yon politik pou mennen timoun lekòl andeyò katye yo pou reyalize yon pi gwan ekilib rasyal (p. 814)

C

cabinet / konsèy minis se yon gwoup konseye ki osèvis prezidan an (pp. 126, 153)

capital gains tax / enpò sou revni kapital se yon taks federal biznis ak investisè yo peye lè y ap vann aksyon yo oswa lè y ap vann byen imobilye yo (p. 886)

capitalist / kapitalis se yon moun ki investi fòtin li, espesyalman lajan, nan yon biznis (p. 63)

caravel / karavèl bato avwal ki kapab fè vwayaj sou long distans (p. 21)

carpetbagger / pwofitè nòdis se non yo te bay plizyè moun nan Nò ki te vin nan Sid apre Lagè Sivil epi ki te sipòte Replikè yo (p. 273)

cash crop / lakilti komèsyal se yon kilti ki devlope pou fè pwofi espesyalman (p. 59)

caucus / komite se reyinyon pati politik òganize pou chwazi kandida pati a pou prezidan oswa pou deside sou politik pati a (p. 190)

censure / sansi se manifeste dezapwobasyon fòmèl pou kèk aksyon (p. 673)

chad / konfeti se yon ti mòso katon ki pwodui lè ou pèse yon kat enfòmasyon (p. 908)

charter / ak konstitif yon konstitisyon (p. 647)

checks and balances / sistèm pouvwa ekilibre se sistèm kote chak branch gouvènman an gen mwayen pou limite pouvwa lòt branch yo pou okenn branch pa vin gen twòp pouvwa (p. 112)

circumnavigate / sikoumnavige se navige toupatou (p. 27)

civilization / sivilizasyon se yon sosyete ki trè byen òganize ki baze sou konesans nan zafè komès, gouvènman, boza, lasyans, epi souvan langaj ekri (p. 13)

closed shop / konpayi sendike se yon akò yon konpayi aksepte pou anboche manm sendika yo sèlman (pp. 330, 687)

cloture / fèmti deba se yon mosyon ki mete fen nan deba yo epi ki mande pou pase ovòt san pèdi tan, se yon pratik yo konn fè nan Sena Ameriken an avèk yon vòt 60 senatè (p. 758)

Cold War / Lagèfwad se yon konfli ideyolojik epi souvan pwovokan ant Etazini ak Inyon Sovyetik ant 1946 ak 1990 (p. 654)

Columbian Exchange / Echanj Kolonbyen se yon seri entèdepandans nan sosyete ak nan anviwònman ki konplèks ant Lewòp ak Lamerik ki te koumanse avèk premye vwayaj Kristòf Kolon an (p. 28)

commission plan / plan komisyon se yon plan gouvènman yon vil divize an diferan departman ki gen divès fonksyon, epi yon manm komisyon an ap kontwòle chak komisyon (p. 420)

committee of correspondence / komite korespondans se komite ki òganize nan chak koloni pou kominike avèk koloni yo epi pou inifye yo (p. 83)

commune / kominote se yon aranjman yon gwoup moun k ap viv ansanm fè pou yo pataje tout sa yo genyen epi pou yo travay ansanm (p. 803)

concentration camp / kfan konsantrasyon se yon kan kote yo mete moun an detansyon oswa kote yo fèmen moun (p. 599)

concurrent powers / pouvwa konkiran se pouvwa ki pataje ant gouvènman leta yo ak gouvènman federal la (p. 123)

Confederacy / Eta Konfedere se nasyon yo deklare kit te fòme anba kontwòl leta sid Inyon an te sede an 1860-1861 (p. 235)

conference committee / komite konferans se yon komite miks espesyal ki òganize pou ede Chanm Reprezantan yo ak Sena a travay sou yon pwòje-lwa konpwomi toulede chanm yo ta dwe aksepte (p. 125)

conquistador / konkeran se tradiksyon panyòl pou *conqueror*, se kèk gason ki te alatèt espedisyon pou konkeri Lamerik (p. 32)

conscription / konskripsyon se mande moun pou fè sèvis militè (pp. 246, 457)

consensus / konsansis se yon akò jeneral (p. 734)

conservative / konsèvatè se yon moun ki kwè pouvwa gouvènman an, espesyalman nan ekonomi an, ta dwe limite pou moun kapab gen plis libète (p. 861)

constituent / elektè se yon moun k ap viv nan yon sikonskripsyon elektoral (p. 125)

containment / politik pou limite pouvwa se politik oswa pwosesis pou evite devlopman yon pouvwa defavorab (p. 660)

contra / kontra se Panyòl ki kont mouvman revolisyonè, se yon fòs geriya anti-sandinis nan peyi Nikaragwa (p. 870)

contraband / kontrebann se byen ki enpòte, ekspòte oswa posede ilegalman (p. 164, 453)

convoy / karavàn se yon gwoup moun k ap vwayaje avèk yon bagay, tankou yon bato, pou pwoteje l (p. 466)

convoy system / sistèm karavàn se yon sistèm kote bato komèsan yo vwayaje avèk yon veso naval pou pwoteksyon (p. 622)

cooperative / koperativ se magazen kote kiltivatè te konn achte pwodui youn nan men lòt; yon atrepriz ki pou moun k ap fè l fonksyone pandan y ap pran sèvis ladan (p. 374)

cooperative individualism / endividyalis koperatif se politik Prezidan Hoover pou ankouraje fabrikan ak distribitè yo pou yo fòme pwòp òganizasyon pa yo epi pou yo bay gouvènman federal la enfòmasyon yo nan jefò pou aktive ekonomi an (p. 522)

corporation / sosyete se yon òganizasyon lalwa otorize pou mennen aktivite men, òganizasyon an dwe trete tankou yon moun apa (p. 320)

“corrupt bargain” / “mache kowonpi” se yon akò ilejitim avèk politisyen (p. 189)

cost of living / koudlavi se pri pou achte byen ak sèvis ki nesèsè pou siviv (p. 471)

cost-plus / pri majore se yon kontra gouvènman an fè pou li peye yon fabrikan kou pwodiksyon pou yon atik ansanm avèk yon pousantaj garanti (p. 613)

cotton gin / machin pou netwaye koton se yon machin ki retire grenn nan fib koton (p. 182)

counterculture / kont-kilti se yon kilti avèk valè ak kwayans ki diferan ak kilti tradisyonèl la (p. 802)

covert / aktivite sekre se aktivite moun pa montre an piblik oswa aktivite moun pa angaje tèt yo (p. 679)

creationism / kreyasyonis se lè moun kwè Bondye te kreye Lemond ak tout bagay ki ladan, anjeneral nan fason sa prezante nan liv Jenèz (p. 486)

credibility gap / mank krediblite mank konfyans (p. 785)

customs duty / dwa ladwann se yon taks ki aplike sou enpòtasyon ak ekspòtasyon (p. 77)

D

de facto segregation / segragasyon defakto segragasyon selon koutim ak tradisyon (p. 747)

debtor / debite yon moun ki gen yon dèt, anjeneral yon dèt finansyèl li pa anmezi pou peye (p. 56)

deficit spending / depans defisitè se pratik gouvènman pou li depanse lajan prete olye pou li ogmante asyèt fiskal la, anjeneral pou li relanse ekonomi an (p. 565)

deflation / deflasyon se bès ki obsève sou volim lajan disponib oswa sou volim kredi, sa ki lakòz bès nan pri yo, epi ogmante pouvwa dacha lajan an (pp. 327, 373)

deport / depòtasyon se chase moun nan yon peyi (p. 474)

détente / detant se yon politik ki tante pou adousi oswa pou soulaje tansyon ki gen ant peyi yo (p. 836)

developing nation / peyi anvwa devlopman se yon peyi ki gen yon ekonomi baze plis sou agrikilti (p. 679)

direct primary / eleksyon primè dirèk se yon vòt kote tout manm yon pati politik patisipe pou chwazi kandida pou yon fonksyon piblik (p. 421)

disco / disko se yon mizik dans popilè ki gen yon melanj ritm ipnotik, pawòl k ap repete epi ki pwodui son elektwonik (p. 853)

disfranchise / refize bay moun dwa pou vote se lè you moun pèdi dwa pou li vote (p. 616)

DNA / ADN se sibstans jenetik na selil ki detèmine tout fòm vi (p. 895)

dollar diplomacy / diplomasi dola se yon politik pou sipòte enterè komèsyal yon peyi avèk enterè diplomatik li aletranje (p. 413)

domino theory / teyori domino se lè yo kwè si yon peyi nan Lazi te tonbe nan men Kominis yo, peyi toupre yo kapab suiv li (p. 774)

dove / kolonb se moun ki te dakò pou Etazini retire fòs lame li nan peyi Vyetnam (p. 787)

downsizing / rediksyon tay se rediksyon tay yon konpayi lè yo revoke travayè ak manadjè pou konpayi kapab bay plis randman (p. 885)

dry farming / agrikilti asèk se yon fason pou fè lakilti nan tè sèk kote yo plante grenn yo fon nan tè ki imid (p. 294)

due process / garanti sitwayen devan lalwa se yon obligasyon jidisyè ki endike lalwa pa kapab trete moun enjisteman, abitrèman oswa san rezon, epitou tribinal yo dwe respekte bonjan pwosedi ak règleman lè y ap fè pwosè sou ka yo (pp. 128, 722)

Dust Bowl / Bòl Pousyè se non yo te bay zòn Gran Plèn sid yo kote sechrès ak tanpèt pousyè te sakaje anpil nan ane 1930 yo (p. 537)

dynamic conservatism / konsèvatis dinamik se politik pou ekilibre konsèvatis ekonomik avèk kèk aktivite (p. 689)

E

economic of scale / ekonomi dechèl se rediksyon nan pri yon byen espesyalman akòz pwodiksyon byen an ogmante nan yon antrepriz (p. 320)

emancipation / emansipasyon se aksyon oswa pwosesis pou fè esklav jwenn libète (p. 199)

embargo / anbago se entèdiksyon yon gouvènman mete sou echanj komèsyal avèk lòt peyi (pp. 164, 844)

empresario / empresaryo se yon moun ki te fè aranjman pou kolonize tè Texas nan ane 1800 yo (p. 204)

enclosure movement / mouvman enklozi se yon chanjman ekonomik nan peyi Angletè nan ane 1500 yo kote pwopriyete fonsye yo te fè pwopriyete agrikòl yo tounen fèm elvaj mouton epi chase meteye yo (. 44)

encomienda / enkomyenda se sistèm pou rekonpanse konkeran yo avèk tè ak dwa pou takse epi mande travay bòkote Endyen Ameriken ki t ap viv sou tè a (p. 33)

Enlightment / Syèk Limyè se mouvman nan ane 1700 yo ki t ap ankouraje lasyans, lakonesans ak rezon (p. 68)

entrepreneur / antreprenè se yon moun ki òganize, jere epi sipòte risk yon biznis oswa yon antrepriz (pp. 63, 310)

enumerated powers / pouvwa enimere se pouvwa gouvènman federal genyen ki endike nan Konstitisyon an (pp. 123, 154)

espionage / espyonaj se fè espyon, espesyalman pou jwenn sekrè gouvènman an (p. 460)

ethnic cleansing / pirifikasyon etnik se yon ekspilsyon, anprizònman oswa ansasinay yon gwoup majorite k ap domine fè sou minorite etnik yo (p. 900)

eugenics / ejenis se non yon syans ki okipe zafè amelyorasyon kalite ereditè yon ras oswa yon jenerasyon (p. 483)

euro / ewo se non lajan debaz peyi Inyon Ewopeyèn yo ap itilize depi 1999 (p. 903)

evolution / evolisyon se teyori syantifik ki endike imen ak lòt fòm kreyati vivan te evolye nan yon epòk (p. 486)

excise tax / dwa dasiz se yon taks fabrikan yon pwodui peye pou li aplike taks la annapre sou moun ki achte pwodui a (p. 155)

executive privilege / privilèj egzekitif se prensip ki endike kominikasyon pouvwa egzekitif la ta dwe rete ansekrè pou pwoteje sekirite nasyonal (p. 841)

extermination camp / kan ekstèminasyon se kan yo voye prizonnye pou yo egzekite yo (p. 599)

F

fallout / retonbe (konsekans) se patikil radyo-aktif yon eksplozyon nikleyè dispèse (p. 674)

fallout shelter /abri anti-atomik se yonabri ki bati avèk entansyon pou loje ak pwoteje popilasyon an kont eksplozyon nikleyè (p. 674)

fascism / fasis se yon sistèm politik avèk yon diktatè alatèt ki egzije nasyonalis ak rasis egzajere epi ki pa tolere okenn opozisyon (p. 585)

“favorite son” / kandida prefere se gason ki renmen sipòte lidè ki sòti nan pwòp leta ak zòn yo (p. 188)

featherbedding / rediksyon pwodiktivite pou evite chomaj se pratik pou limite pwodiktivite travay pou kapab kreye plis djòb (p. 687)

federalism / federalis se sistèm politik kote pouvwa a divize ant gouvènman federal ak gouvènman leta yo (pp. 111, 122)

feminism / feminis se lè moun kwè gason ak fanm ta dwe egal sou plan politik, ekonomik ak sosyal (p. 807)

feudalism / feyodalis se sistèm politik kote lidè ki sou pouvwa yo te bay nòb yo tè epi pou yo pwomèt yo lwayote ak sèvis (p. 19)

filibuster / obstriksyon palmantè se yon tantativ pou rejte yon pwojè-lwa lè yon gwoup senatè ap fè palab youn apre lòt san rete pou yo pa vote pwojè-lwa a (p. 758)

fireside chats / kozri nan kay se emisyon radyo FDR fè pou eksplike pèp ameriken an inisyativ li yo (p. 558)

fixed costs / frè fiks se depans yon konpayi dwe fè keseswa li ann eksplwatasyon keseswa li pa ann eksplwatasyon (p. 320)

flapper / fanm entrepid se jenn fanm ane 1920 yo ki pa t respekte byenseyans, espesyalman nan fason yo te konn abiye (p. 485)

flexible response / ripòs gradye se akimilasyon twoup ak zam konvansyonèl pou pèmèt yon peyi fè yon lagè limite san l pa itilize zam nikleyè (p. 725)

forage / chèche manje chèche manje oswa fè atak pou jwenn manje (p. 258)

foreclose / sezi se pran yon pwopriyete nan men yon debità ipotekè (moun ki gen dèt sou kay) akòz li pa anmezi pou peye (p. 545)

fossil fuel / konbistib fosil se yon konbistib ki fòm nan latè nan plant pouri oswa nan kò bèt ki antere (p. 822)

franchise / franchiz se dwa oswa lisans pou vann byen oswa sèvis yon konpayi nan yon zòn, tankou yon magazen operasyon an chèn (p. 693)

freedmen / moun lib se moun ki pa nan esklavaj ankò (p. 268)

Freedom Riders / Mesaje Libète se non yo te bay yon gwoup moun ki t ap vwayaje pou yo ale nan Sid nan lane 1961 pou pwoteste kont refi Sid pou entegre estasyon tèminal otobis yo (p. 755)

fundamentalist / fondamantalis se yon Kreyen evanjelik Pwotestan ki kwè lè li sove nan peche, l ap pran nesans ankò epi l ap pran angajman pèsonèl pou li swiv Jezi-Kri (p. 486)

G

general strike / grèv jeneral se yon grèv ki konsène tout travayè yo nan yon zòn jeyografik espesyal (p. 472)

generation gap / fose jenerasyon se yon separasyon kiltirèl ant paran ak timoun yo (p. 702)

glacier / glasye se yon gwo kouch glas di (p. 13)

glasnost / glasnòs se yon politik Inyon Sovyetik ki dakò pou moun fè plis diskisyon lib sou pwoblèm politik ak sosyal. Politik sa a dakò tou pou mou yo gaye nouvel ak enfòmasyon (p. 882)

global warming / rechofman atmosferik se yon ogmantasyon mwayèn tanperati mondyal la nan yon epòk (p. 905)

gold standard / etalon lò se estanda monetè kote yon ons lò te egal a yon kantite fiks dola (p. 555)

goldbug / biyè lò garanti se yon moun ki kwè lajan ameriken an ta dwe baze sou yon etalon lò (p. 378)

graduated income tax / enpo sou revni pwogresif se taks ki baze sou revni nè (revni apre dediksyon) yon moun oswa yon biznis epi ki aplike avèk to diferan sou nivo revni diferan yo (p. 376)

graft / koripsyon se fè lajan nan move kondisyon, tankou bay politisyen lajan an kachèt (pp. 273, 345)

grandfather clause / kloz granpè se yon kloz ki aksepte moun ki pa t pase tès alfabetizasyon pou vote si papa yo oswa granpapa yo te vote anvan Rekonstyriksyon an te koumanse; se yon eksepsyo'n nan lwa ki baze sou sikonstans ki deja egziste (p. 382)

grassroots movement / mouvman alabaz se yon gwoup moun ki òganize nan yon lokal oswa nan yon kominote, lwen ak sant politik oswa kiltirèl (p. 886)

Great Awakening / Gran Revèy se mouvman pandan ane 1700 yo ki te baze sou obeyisans Bondye (p. 69)

greenback / biyè vèt se yon pyès lajan papye ameriken pati Nò a te mete deyò pandan Lagè Sivil la (pp. 245, 373)

gross national brut / pwodui nasyonal bri se valè total byen ak sèvis yon peyi pwodui pandan yon ane (p. 308)

guerrilla / geriya se manm yon klik ame ki reyalize atak sipriz ak zak sabotaj olye yo fè yon lagè ouvètman (pp. 449, 774)

guerrilla warfare / geriya se yon teknik atake epi kouri ale ki itilize nan batay lagè; se ti gwoup gèrye ki itilize taktik pou yo batay, tankou anbiskad sanzatan (p. 95)

guru / gouwou se yon moun ki gen konesans oswa espètiz, espesyalman yon pwofesè relijyon ak yon gid espirityèl nan Endouyis (p. 851)

H

habeas corpus / abeyas kòpous se yon desizyon legal pou chèche konnen si yon moun te ale nan prizon legalman (p. 246)

hacienda / asyenda se yon gwo ranch (p. 33)

hardtack / biskwit rasyon se yon biskwit di ki fèt avèk farin ble (p. 254)

hawk / fokon se moun ki kwè Etazini ta dwe kontinye ak jefò militè li yo nan peyi Vyetnam (p. 787)

headright / sistèm èdrayt se yon sistèm kote yo bay kolon yo tè pou yo kapab enstale yo nan Vijini (p. 46)

hederow / hè (kloti) se yon liy ti pyebwa oswa gwo pyebwa ki antoure yon chan, anjeneral sou yon miray an tè (p. 641)

hemispheric defense zone / zòn defans emisferik se yon politik nasyonal pandan Dezyèm Gè Mondyal la ki te deklare pou Emisfè Oksidantal la rete net epi pou Etazini ta fè patwouy nan zòn sa a kont soumaren alman yo (p. 603)

heretic / eretik se yon moun k ap konteste konviksyon relijye ki etabli (p. 50)

hobo / vakabon se yon ki pa gen kay epi anjeneral ki se yon vwayajè epi ki pa gen senk kòb (p. 536)

holding company / sosyete pòtfèy se yon konpayi ki gen biznis prensipal pou kontwòle pataj aksyon nan lòt konpayi yo (p. 322)

Holocaust / Olokos se non yo te bay masak Jwif ak lòt gwoup anmas Nazi yo t ap fè pandan Dezyèm Gè Mondyal la (p. 595)

homestead / omstèd se metòd pou jwenn yon pyès tè leta ameriken pou viv ladan epi pou kiltive l (p. 293)

Hooderville / Houdèvil se ti non jwèt yo te bay bidonvil yo nan Etazini pandan peryòd Lagrann Depresyon an (p. 536)

horizontal integration / entegrasyon orizontal se reyini antrepriz k ap fè konkirans yo nan yon sèl sosyete (p. 321)

I

Ice Age / Peryòd Glasyè se yon peryòd gwo tanperati frèt lè yon pati nan sifas planèt te kouvri avèk anpil kouch glas (p. 13)

immunity / iminite se libète yon moun genyen pou yo pa pèsekite li (p. 512)

impeach / akize se mete akizasyon fòmèl sou yon fonksyonè leta pou move konduit li genyen nan fonksyon li (pp. 112, 124, 271, 841)

imperialism / enperyalis se aksyon yon peyi itilize pou egzèse kontwòl politik oswa ekonomik sou peyi ki pi piti oswa ki pi fèb (p. 393)

implied powers / pouvwa enplisit se pouvwa gouvènman federal genyen, men ki pa endike espesyalman nan Konstitisyon an (p. 154)

impound / konfiske se pran posesyon oswa sezi yon byen (p. 835)

impressment / rekizisyon se yon kalite kidnaping legalize kote yo fòse moun pou y al fè sèvis militè (p. 164)

income tax / enpo sou revni se yon taks ki baze sou revni nè (revni apre dediksyon) yon moun oswa yon biznis (p. 440)

indentured servant / angaje se yon moun ki gen kontra pou li travay pou yon kolon pandan yon sèten kantite ane pou li kapab jwenn transpò pou li ale nan koloni yo, epitou pou li kapab jwenn manje, rad ak lojman (p. 59)

industrial union / sendika ouvriye se yon òganizasyon ki fòme avèk kiltivatè tè leta ak atizan, espesyalman nan yon endistri (p. 327)

inflation / enflasyon se lè lajan pèdi valè (pp. 106, 373, 844)

initiative / inisyativ se dwa sitwayen yo genyen pou yo depoze yon mezi oswa yon kesyon devan elektè yo oswa devan lejislati a pou apwobasyon (p. 421)

installment / peman pa franch se acha yon byen akredi avèk yon plan mansyèl pou peye valè byen an (p. 534)

insubordination / ensibòdinasyon dezobeyisans (p. 437)

insurrection / revòlt se yon zak rebelyon kont yon gouvènman ki sou pouvwa (p. 231)

interchangeable parts / pyès entèchanjab se pyès inifòm ki kapab fèt an grann kantite pou ranplase lòt pyès idantik yo (p. 180)

internationalism / entènasyonalis se yon politik nasyonal pou fè echanj komèsyal aktif avèk peyi etranje pou ankouraje lapè ak pwosperite (p. 588)

Internet / Entènèt se rezo kominikasyon elektwonik ki konekte rezo enfòmasyon ak biwo òganizasyon ki gen òdinatè toupatou nan lemond (p. 894)

interposition / entèpozisyon se teyori ki endike yon leta ta dwe anmezi pou li entèvni ant gouvènman federal la ak pèp la pou li kapab sispansyon aksyon ilegal (p. 158)

iron curtain / rido fè se baryè politik ak militè ki te izole peyi Lewòp pou izole peyi Sovyetik ki te anba kontwòl peyi Lewòp-de-Lès yo apre Dezyèm Gè Mondyal la (p. 658)

isolationism / izolasyonis se yon politik nasyonal pou evite patisipasyon nan zafè lemond (pp. 523, 587)

J

jazz / djaz se estil mizik ameriken ki te devlope ragtaym ak blouz epi ki itilize ritm ak melodi senkope (p. 499)

Jim Crow laws / Lwa Djim Kwo se règleman oswa lwa ki te kreye pou aplike segregasyon (p. 382)

jingoism / chovinis se yon nasyonalis ekstrèm ki pratike avèk politik etranjè agresif (p. 401)

joint committee / komite miks se yon komite ki fòme avèk manm Chanm Reprezantan yo ak Chanm Sena a pou travay sou yon dosye espesyal (p. 125)

joint-stock company / sosyete pa aksyon se yon fòm biznis oswa òganizasyon kote plizyè investisè rasanble lajan pou fè yon gwo kantite lajan pou reyalize gwo pwojè (p. 44)

judicial review / revizyon jidisyè se pouvwa Tribinal Siprèm genyen pou deside si yon lwa Kongrè a konstitisyonèl epi pou li elimine lwa ki pa konstitisyonèl yo (pp. 127, 162)

juvenile delinquency / delenkans jivenil se konpòtman enkòrèk oswa kriminel jenn moun (p. 709)

K

kachina / kachina se yon bon lespri pèp Pweblo a te kwè ki pote mesaj chak ane nan vilaj yo (p. 15)

kamikaze / kamikaz pandan Dezyèm Gè Mondyal la, se yon pilòt suisid japonè ki te gen misyon pou lage avyon an sou sib li (p. 637)

L

labor union / sendika ouvriye se yon òganizasyon travayè ki fòm pou avansman enterè manm ki ladan l yo (p. 181)

laissez-faire / lesefè se politik ki endike gouvènman an ta dwe fè pi piti entèvansyon an nan ekonomi peyi a (p. 310)

land grant / distribisyon tè se yon distribisyon tè gouvènman federal la fè espesyalman pou wout, ray tren oswa kolèj agwonomi (p. 317)

letters of marque / lisans konfiskasyon se lisans Kongrè a bay pwopriyetè bato prive yo pou yo kapab atake bato komèsan anglè yo (p. 97)

liberal / liberal se yon moun ki kwè anjeneral gouvènman an ta dwe jwe yon wòl aktif nan ekonomi an ak nan pwogram sosyal yo san li pa dikte konpòtman sosyal li (p. 861)

Liberty ship / bato Libète se kago prensipal Etazini te konn itilize pandan Dezyèm Gè Mondyal la (p. 614)

limited war / lagè limite se yon lagè sere avèk itilizasyon resous limite pou reyalize yon objektif limite, tankou lagè pou metrize sistèm komini lan (p. 665)

line of demarcation / liy demakasyon se yon liy lonjitid ki sòti nan pòl nò pou rive nan pòl sid, ki pase nan mitan Loseyan Atlantik epi ki divize teritwa Lamerik Lespay ak Pòtigal te konn reklame yo (p. 26)

linkage / lyen se politik pou amelyore relasyon avèk Inyon Sovyetik ak Lachin pou ankouraje yo koupe èd yo nan Vyetnam-di-Nò (p. 790)

lockout / lòkawout (grèv patwon) se mwayen yon konpayi genyen pou li batay kont egzijans sendika yo lè li refize pèmèt anplwaye yo antre nan lokal la pou yo vin travay (p. 328)

longhouse / mezon kolektif se yon gwo bilding rektangilè ki gen twati an fòm barik, ki kouvri ak chouk bwa epi ki te sèvi kòm lojman pou kèk Endyen Ameriken (p. 289)

long drive / long vwayaj se mennen bèf byen lwen pou mete yo nan depo sou ray tren pou transpò a kapab fèt pi vit epitou pou reyalize gwo pwofi (p. 16)

Loyalist / Lwayalis se kolon ameriken yo ki te sipòte Grannbretay epi ki te kont Lagè pou Endepandans lan (p. 85)

lynching / lenchaj se yon egzekisyon ki fèt san apwobasyon legal (p. 383)

M

mandate / mandat se otorizasyon yon reprezantan resevwa pou l kapab aji (p. 262)

Manifest Destiny / Destine Manifès se lide popilè nan Etazini pandan ane 1800 yo; selon lide sa a, peyi a dwe devlope fwontyè li yo nan Loseyan Pasifik (p. 202)

manorialism / sèyèryaj se sistèm ekonomik kote peyizan yo ofri yon sèyè feyodal sèvis pou yo kapab jwenn pwoteksyon (p. 19)

margin / achte anmaj achte aksyon, peye sèlman yon fraksyon pri aksyon an epi prete rès la (p. 531)

margin call / demand anmaj se lè yon koutye mande pou yon envestisè yo ranbouse prè yo te fè pou achte aksyon anmaj (p. 531)

martial law / lwa masyal se lwa yon gouvènman mande fòs militè pou yo aplike an kadijans (p. 236)

Marxism / Maksis se teyori sosyalis kote yon lit klas kapab egziste jiskaske travayè yo te gen laviktwa pou yo kreye yon sosyete san okenn klas (p. 328)

mass media / medya se yon mwayen kominikasyon (tankou nan televizyon ak radyo) ki prevwa pou atenn yon gwo piblik (p. 495)

mass production / pwodiksyon an seri se pwodiksyon gwo kantite byen nan machin ak nan chèn montaj anjeneral (p. 515)

massive retaliation / reprezay anmas se yon politik pou fè menas vanjans anmas, tankou itilizasyon zam nikleyè, kont peyi kominis k ap eseye okipe yon peyi pasifik avèk lafòs (p. 676)

maverick / non-konfòmis se yon ti bèf lage ki pa gen okenn etanp pou idantifye l (p. 290)

mercantilism / mèkantilis se teyori ki endike pouvwa yon leta depann de richès li (p. 65)

microprocessor / mikwo-pwosesè se yon inite santral òdinatè ki gen memwa ak fonksyon enfòmètik nan yon sèl pis elektwonik (p. 893)

military-industrial complex / konplèks militawo-endistriyèl se yon relasyon enfòmèl kèk moun kwè ki egziste ant militè ak endistri defans lan pou ankouraje gwo depans militè epi pou enfliyanse politik gouvènman an (p. 680)

minutemen / minitmenn se twoup sòlda sivil ki kwè yo pare pou goumen sou yon notifikasyon alaminit (p. 85)

missile gap / mank misil se lè moun kwè Inyon Sovyetik te gen plis zam nikleyè pase Etazini (p. 719)

monopoly / monopòl se lè yon moun oswa yon konpayi ak kontwolè yon kalite endistri nèt (p. 321)

moratorium / moratwa se sispansyon yon aktivite (p. 524)

most-favored nation / peyi ki pi favorize se yon politik ant peyi yo pou garanti pratik komèsyal onèt (p. 156)

muckraker / denichè se yon jounalis ki dekouvri abi ak koripsyon nan yon sosyete (p. 419)

mudslinging / denigreman se tantativ pou sal repitasyon yon opozan avèk jouman (p. 189)

multinational corporation / sosyete miltinasyonal se gwo sosyete ki gen envestisman nan peyi entranje (p. 693)

N

napalm / napalm se yon gazolin annaspik ki itilize nan bonm (pp. 644, 780)

nationalism / nasyonalis se santiman patriyotik ak devouman pou yon peyi (p. 450)

nativism / nativis se preferans pou moun ki fè nan yon peyi ak dezi pou limite imigrasyon (p. 181, 340)

naturalism / natiralis se yon filozofi ak apwòch pou boza ak literati ki baze sou prensip moun kapab konprann lanati nan obsèvasyon syantifik epitou sosyete a kapab fonksyone pi byen avèk kèk regleman gouvènman (p. 355)

nomad / nomad se yon moun ki toujou ap mache anpil kote, anjeneral pou chèche manje (pp. 13, 297)

nonimportation agreement / akò non-enpòtasyon se yon angajman komèsan yo pran pou yo pa achte byen ki enpòte nan yon peyi espesyal (p. 78)

normalcy / nòmralite se eta nòmral (p. 511)

Northwest Passage / Pasaj Nòdwès se wout lanmè imajinè ki nan nò, ki pase nan Lamerik-di-Nò pou rive nan Loseyan Pasifik (p. 34)

nuclear proliferation / pwoliferasyon nikleyè se gaye zam nikleyè nan nouvo peyi yo (p. 905)

nullification / envalidasyon teyori ki endike leta gen dwa pou deklare yon lwa federal envalid (p. 158)

O

Open Door Policy / Politik Pòt Louvri se yon politik ki te dakò pou chak peyi etranje an Chin fè komès lib nan teritwa lòt peyi yo (p. 410)

open range / patiraj lib se gwo espas preri gouvènman federal la posede (p. 288)

open shop / konpayi lib se espas travay yon konpayi kote travayè yo pa gen obligasyon pou yo antre nan yon sendika apre anbochaj yo (p. 519)

operating costs / kou eksplwatasyon se depans ki fèt pou fonksyonman yon konpayi (p. 320)

override / anile se pouvwa Kongrè a genyen pou anile yon veto prezidansyèl avèk yon vòt majorite detyè manm yo (p. 124)

P

pacifism / pasifis se opozisyon pou gen lagè oswa vyolans kòm yon mwayen pou rezoud diskisyon (p. 55)

party boss / patwon pati politik se yon moun k ap kontwole yon machin politik (p. 345)

Patriot / Patriyòt se kolon ameriken ki te sipòte Lagè pou Endepandans (p. 85)

patronage / parenaj se lòt non yo bay sistèm depouy kote yo distribye djòb ak favè gouvènman ba alye politik ak zanmi (p. 364)

perestroika / perestwoyika se yon politik refòm ekonomik ak restriktirasyon gouvènman Mikhail Gorbachev te etabli nan Inyon Sovyetik nan ane 1980 yo (p. 882)

periphery / periferi se limit eksteryè yon bagay (p. 621)

perjury / fo temwayaj lè yon moun fè sèman pou li di laverite epi li bay manti (p. 670, 900)

philanthropy / filantwopi se bay lajan pou sipòte objektif imanite oswa sosyal (p. 350)

Pilgrim / Pelren se yon Separatis ki te fè vwayaj nan koloni ameriken yo nan ane 1600 yo pou yo kapab jwenn libète relijye (p. 49)

placer mining / plase minye se metòd pou ekstrè minrè alamen avèk zouti tankou pikwa, pèl ak bate (p. 287)

pocket veto / veto enplisit se mete veto endirèkteman sou yon pwojè-lwa lè gouvènman an kite manda Kongrè ekspire san li pa siyen pwojè-lwa a (p. 268)

police powers / pouvwa jandam se pouvwa gouvènman an genyen pou l kontwole pèp la ak pwopriyete yo nan enterè sekirite piblik, sante piblik, pwogram asistans piblik ak mès piblik (p. 487)

political machine / machin politik se yon òganizasyon ki asosye ak yon pati politik ki kontwole gouvènman an jeneralman (p. 345)

poll tax / enpo sou vòt se yon taks ki gen yon montan fiks chak moun te gen pou yo peye anvan pou yo kapab vote (pp. 382, 759)

pool / konsòsyòm se yon pataj an gwoup nan kèk aktivite; pa egzanp, pami gwo travayè sou ray tren yo ki te fè akò sekre epi ki te ajiste tarif yo pami yo (p. 320)

popular sovereignty / souverènte popilè se lè gouvènman an kapab soumèt li a volonte popilè a; anvan Lagè Sivil la, se lide ki endike moun k ap viv nan yon teritwa te gen dwa pou deside nan vòt si yo kapab dakò pou gen esklavaj nan zòn nan (pp. 111, 122, 219)

populism / popilis se mouvman politik ki te kreye nan ane 1890 yo pou reprezante sitou kiltivatè yo, pou sipòte lib sikilasyon lajan monnen ak kontwòl gouvènman sou endistri ray tren yo ak lòt gwo endistri yo (p. 372)

poverty line / limit povrete se yon nivo revni endividyèl oswa famiyal yo itilize pou konsidere yon moun kòm pòv selon estanda gouvènman an (p. 706)

presidio / prezidyo se fò Panyòl yo te bati nan Lamerik (p. 32)

prisoner of war / prizonye lagè se yon sòlda lennmi kaptire nan batay (p. 254)

privateer / kòsè se bato prive ki resevwa lisans gouvènman an pou atake bato lòt peyi yo (p. 44)

progressivism / pwogresivis se yon mouvman politik ki te kont liy politik ki te kwè endistriyalizasyon ak ibanizasyon te lakòz anpil pwoblèm sosyal epi ki te kwè tou gouvènman an ta dwe jwe plis wòl aktif nan chèche solisyon pou pwoblèm sa yo (p. 419)

prohibition / pwohibisyon se lwa ki entèdi fabrikasyon, transpò ak lavant bwason alkolize (p. 425)

propaganda / pwopagann se divilgasyon lide sou yon enstitisyon oswa sou yon moun pou enfliyanse yon pwendvi (p. 453)

proprietary colony / koloni pwopriyetè se yon koloni yon moun posede (p. 47)

protective tariff / tarif pwotektè se taks sou enpòtasyon ki deziyen pou pwoteje fabrikan ameriken yo (p. 171)

protectorate / pwotektora se yon peyi ki endepandan teknikman men ki toujou sou kontwòl yon lòt peyi (p. 393)

public works / travo piblik se pwojè tankou otowout, pak ak bibliyotèk ki bati avèk lajan leta pou sèvis piblik la (p. 543)

pueblo / vilaj se tradiksyon panyòl pou “village” (vilaj); se yon tèm premye eksplworatè panyòl yo te konn itilize pou endike estrikti gwo lojman yo Anasazi te bati (p. 15)

Puritan / Piriten se moun ki te vle pirifye Legliz Anglikàn nan ane 1500 yo ak nan ane 1600 yo (p. 44)

Q

quartz mining / ekplwatasyon minrè kwats se metòd pou ekstrè mineral ki lakòz yo fè fouy anba tè a (p. 287)

R

racism / rasis se prejije oswa diskriminasyon kont yon moun akòz ras li (p. 762)

ragtime / ragtaym se yon kalite mizik ki gen yon rit solid ak yon melodi anime ki baze sou nòt (p. 352)

ratification / ratifikasyon se yon apwobasyon fòmèl (p. 103)

rationing / rasyonman se distribisyon yon atik sou yon baz limite akòz rate atik la (p. 629)

realism / reyalis se yon fason pou dekri literati, boza ak teyat k ap eseye prezante kòrèkteman bagay yo jan yo ye reyèlman epi ki endike sosyete a ap fonksyone pi byen si yo kite l trankil (p. 350)

reapportionment / redekoupaj elektoral se metòd leta yo itilize pou etabli distri politik yo dapre chanjman ki gen nan popilasyon an (p. 721)

rebate / rabè se yon ranbousman pasyèl pou diminye pri yon byen oswa pri yon atik (p. 367)

recall / revoke se dwa ki pèmèt elektè yo retire nan fonksyon ofisyèl yo te vote ki pa ba yo satisfaksyon (p. 421)

recession / resesyon se yon ralantisman nan aktivite ekonomik la (p. 106)

Reconstruction / Rekonstriksyon se reyòganizasyon ak rekonstriksyon ansyen leta konfedere yo te reyalize apre Lagè Sivil la (p. 266)

referendum / referandòm se pratik pou pèmèt elektè yo aksepte oswa rejte mezi lejislati a pwopoze (pp. 229, 421)

relief / sekou se èd pou moun ki nan nesosite; se pwogram asistans sosyal (p. 544)

Renaissance / Renesans se tradiksyon franse pou “rebirth”(renesans), se yon peryòd nan Lewòp apati lane 1350 jiska 1600 kote te gen yon renesans enterè nan kilti Wòm ak Lagrès antik (p. 20)

reparations / reparasyon se peman peyi ki pèdi lagè dwe fè bay peyi ki gen laviktwa a pou domaj lagè a lakòz (p. 468)

republic / repiblik se yon fòm gouvènman kote pouvwa a anba men yon gwoup siywayen ki gen dwa pou vote (p. 100)

reserved powers / pouvwa rezève se pouvwa leta yo konsève annakò ak Konstitisyon an (p. 123)

revenue tariff / tarif dwanye fiskal se taks yo mete sou enpòtasyon pou ogmante lajan (p. 171)

revival / renouvo se yon gwo reyinyon piblik pou preche ak lapriyè (p. 69)

right-to-work-law / lwa sou dwa moun nan travay se lwa ki pa dakò pou fòse anplwaye yo antre nan yon sendika (p. 687)

S

safety net / filè sekirite se yon bagay ki bay sekirite kont malè; espesyalman, pwogram sekou gouvènman k ap eseye pwoteje dega ekonomik (p. 577)

savannah / savann se yon preri k ap devlope (p. 23)

scalawag / eskalawag se non yo te bay Sidis ki te sipòte Rekonstriksyon Repibliken Sid la (p. 273)

secede / fè sesesyon abandon oswa retrè (p. 190)

secession / sesesyon retrè nan Inyon an (p. 220)

segregation / segregasyon se separasyon oswa izòlman yon ras, yon klas oswa yon gwoup (p. 382)

select committee / komisyon ankèt se yon komite ki òganize nan Chanm Reprezantan an oswa nan Sena a pou fè yon travay espesyal (p. 125)

self-determination / oto-detèminasyon se lè moun kwè moun k ap viv nan yon teritwa ta dwe anmezi pou yo chwazi pwòp gouvènman yo (p. 450)

separate-but-equal / separe men egal se doktrin Tribinal Siprèm te etabli nan lane 1896 nan ka *Plessy* kont *Ferguson*; doktrin sa a te pèmèt lwa yo izole Afriken Ameriken yo toutotan yo t ap bay ekipman yo (p. 747)

separation of powers / separasyon pouvwa se prensip gouvènman kote pouvwa a divize ant diferan branch yo (p. 111)

Separatist / Separatis se yon Piriten ki detache l avèk Legliz Anglikàn (p. 48)

serf / sèf se yon moun ki atache avèk yon manwa (p. 19)

settlement house / sant edikasyon ak lwazi nan katye popilè se enstitisyon yo mete nan katye pòv pou ofri plizyè sèvis kominotè tankou swen medikal, gadri, bibliyotèk ak kou nan lang Angle (p. 357)

shantytown / bidonvil se yon seksyon nan yon vil ki nan yon move kondisyon ekomonik; nan seksyon sa a gen kay ki bati yon fason anachik anjeneral avèk bwa (p. 536)

sharecropper / meteye se kiltivatè k ap travay sou tè pou yon pwopriyetè ki ba li ekipman ak grenn (plant) pou pwopriyetè a kapab resevwa yon pati nan rekòt la (pp. 277, 381)

siege / syèj se yon blokis militè mete nan yon vil oswa nan yon fò pou fòse l soumèt li (p. 258)

silverite / silverayt se yon moun ki kwè lajan monnen an kantite ap elimine kriz ekonomik lan (p. 378)

sit-dwon strike / grèv chita se metòd pou boyikote travay lè anplwaye yo chita san yo p ap travay la epi yo refize sòti nan lokal la (p. 568)

sit-in / manifestasyon se yon fòm pwotestasyon ki okazyone moun chita sou chèz yo oswa chita sou planche a nan yon lokal (p. 748)

skyscraper / gratsyè se yon bilding ki wo anpil (p. 342)

slash-and-burn agriculture / agrikilti koupe bwa boule bwa se teknik agrikòl kote yo debarase tè a pou l kapab vin pwodiktif lè yo koupe ak boule forè yo (p. 16)

slave code kòd esklavaj se yon seri lwa ki te kontwole esklavaj la fòmèlman epi ki defini relasyon ant esklav Afriken yo ak moun lib yo (p. 61)

smog / esmòg se bwouya trè lou ak trè nwa ki lafimen ak vapè pwodui chimik fòme (p. 820)

soap opera / feyton se yon dram an seri nan televizyon oswa nan radyo ki itilize sityasyon melodramatik (p. 538)

Social Security Act / Lwa Sekirite Sosyal se yon lwa ki egzije travayè ak patwon yo pou yo peye yon taks; lajan taks sa a ap pèmèt moun ki pran retrèt yo jwenn yon pansyon chak mwa (p. 569)

socialism / sosyalis se prensip ki endike piblik la ta dwe posede biznis yo epi gouvènman an ta dwe kontwole yo (p. 425)

sodbuster / sòdboustè se non yo te bay kiltivatè Grann Plèn yo (p. 294)

software / lojisyèl se yon pwogram enfòmatrik (p. 893)

space race / konpetisyon nan domèn eksplorasyon lespas sa anrapò ak konpetisyon ki te gen nan Lagèfwad sou dominasyon kapasite pou eksplòre lespas (p. 725)

space shuttle / navèt espasyal se yon veso espasyal ki deziyen pou pote moun (astwonot) ak chajman ant late ak lespas (p. 878)

space station / estasyon espasyal se yon gwo satelit ki deziyen pou moun (astwonot) okipe pandan lontan epi ki pou sèvi kòm baz pou operasyon nan lespas (p. 879)

speakeasy / ba klandesten se yon kote ki vann bwason alkolize ilegalman (p. 487)

speculation / espekilasyon se achte aksyon avèk yon gwo risk nan lespwa pri a pral ogmante (p. 531)

speculator / espekilatè se moun ki riske lajan avèk lespwa l ap fè pwofi (p. 154)

sphere of influence / esfè enfliyans se seksyon yon peyi kote yon peyi etranje ap jwi dwa ak pouvwa espesyal (p. 410)

spoils system / sistèm depouy se pratik distribisyon djòb gouvènman bay sipòtè yo; lè sipòtè kandida ki genyen nan yon eleksyon ranplase anplwaye gouvènman an (p. 190)

Square Deal / Tretman Onèt se pwomès Prezidan Roosvelt te fè pou li bay tout moun yon tretman onèt ak egal (p. 428)

squatter / eskwatè se moun k ap viv sou tè leta anba règleman gouvènman avèk lespwa l ap vin mèt tè a (p. 203)

stagflation / estagflasyon se yon enflasyon san rete ki asosye avèk yon demand konsomasyon estagnan (ki pa varye) ak yon gwo to chomaj (p. 844)

standing committee / komite pèmanan se yon komite pèmanan nan Chanm Reprezantan yo oswa nan Sena a ki òganize pou yon dosye enterè espesyal (p. 125)

state-sponsored terrorism / teworis deta se zak vyolan kont sivil gouvènman an ap sipòte ansekrè pou yo kapab atake lòt peyi yo san fè lagè (p. 912)

steerage / antrepon se espas etwa sou pon enferyè yo bato pou pasaje ki peye pi piti pri vwayaj la (p. 337)

stock market / mache labous se yon sistèm pou achte ak vann aksyon nan sosyete yo (p. 531)

strategic defense / defans estratejik se yon plan pou devlope misil ak lòt dispozitif ki kapab desann misil nikleyè yo anvan yo frape Etazini (p. 909)

strategic materials / materyèl estratejik se materyèl ki nesèsè pou fè lagè (p. 605)

strike / grèv se lè travayè yo sispann travay espere pou yo fòse yon patwon satisfè revandikasyon yo (p. 181)

subsistence farming / agrikilti sibsistans se agrikilti kote yo pwodui sèlman kantite manje ki nesèsè pou alimantasyon yon fanmi (p. 59)

subversion / sibvèsyon se tantativ sistematik pou jete yon gouvènman lè yo sèvi ak moun k ap travay ansekrè pou gouvènman an (p. 669)

suffrage / sifraj se dwa pou moun vote (p. 421)

summit / somè se yon reyinyon ki òganize pou moun ki alatèt gouvènman yo (p. 837)

Sunbelt / Leta Sid ak Leta Lwès Etazini se yon nouvo zòn endistriyèl nan sid Kalifòni ak nan Sid powfon ki te devlope pandan Dezyèm Gè Mondyal la (p. 627)

supply-side economics / ekonomi òf se teyori ekonomik ki endike lè taks yo bese, sa ap relanse ekonomi an pandan biznis ak moun yo ap envesti lajan yo, epitou sa ap kreye pi gwo revni nan taks (pp. 522, 867)

syndicate / asosyasyon se yon gwoup biznis (p. 436)

T

teach-in / gwoup diskisyon se yon reyinyon ki dire lontan oswa yon klas ki òganize pou diskite sou yon pwoblèm sosyal oswa politik (p. 785)

Tejano / Tejano se moun k ap viv nan Tekzas epi ki pale lang Panyòl (p. 204)

telecommute / fè tele-travay fè travay nan kay omwayen lyezon elektwonik avèk yon biwo santral (p. 893)

televangelist / televanjelis se yon evanjelis ki prezante regilyèman pwogram relijye nan televizyon (p. 864)

temperance / tanperans moderasyon oswa abstinans nan konsomasyon alkòl (pp. 196, 425)

tenant farmer / meteye se kiltivatè k ap travay sou tè yon lòt moun posede epi k ap peye lwaye a swa ak lajan kach swa ak rekòt kilti li fè a (p. 277)

tenement / bilding ansyen se yon bilding kote anpil fanmi abite, anjeneral ki nan fènwa, ki chaje ak moun, epi ki apèn satisfè nivodvi minimòm nan (p. 343)

termination policy / politik revokasyon se yon politik gouvènman pou entegre Ameriken natif-natal yo nan sosyete tradisyonèl la; pou li fè sa li rele anile rekonesans gwoup Ameriken natif-natal yo kòm antite legal (p. 708)

terrorism / teworis gwoup non-gouvènmantal ki itilize vyolans kont sivil yo pou reyalize yon bi politik lè yo mete moun nan laperèz epitou lè yo fè gouvènman an tèlman pè pou l rive chanje politik li yo (p. 912)

time zone / fizo orè se yon zòn jeyografik kote yo konsève menm lè legal la (p. 316)

Title IX / Tit 9 se seksyon Amandman Edikasyonèl 1972 yo ki entèdi lekòl ki jwenn finansman gouvènman federal la pou yo pa pratike diskriminasyon kont fi ak jenn fanm nan prèske tout aspè fonksyonman yo (p. 809)

torpedo / tòpiy nan ane 1860 yo, se yon tèm ki te itilize pou deziyen yon napdlo (p. 261)

trade deficit / defisi komèsyal se diferans ki genyen ant valè enpòtasyon ak ekspòtasyon yon peyi (p. 903)

trade union / sendika se yon òganizasyon travayè ki gen menm metye oswa ladrès (p. 327)

transcendental meditation / meditasyon transandantal se yon teknik meditasyon kote yo chante yon mantra kòm yon fason pou reyalize entèlijans, amoni ak sante maksimòm (p. 851)

transcendentalism / transandantalis se yon filozofi ki baze sou relasyon ant imen ak lanati, ki rekòmande pou chòz espiyèl pi wo pase chòz materyèl, epi ki baze sou enpòtans konsyans endividyèl (p. 195)

transcontinental railroad / wout tren transkontinantal se yon sistèm wout tren k ap devlope atravè yon kontinan (p. 223)

triangular trade / komès triyangilè se yon wout komèsyal a twa direksyon ki pèmèt yo fè echanj byen ant koloni ameriken yo ak de (2) lòt patnè komèsyal (p. 64)

trust / twòst se yon òganizasyon antrepriz oswa sosyete ki fòme avèk yon akò legal, espesyalman pou diminye zafè konkirans lan (p. 322)

U

U-boat / bato U soumaren alman, tèm nan vle di *Unterseeboot* (bato soumaren) (p. 453)

unalienable / inalyenab ki pa transferab – pa egzanp, yo pa kapab renonse yon dwa inalyenab (p. 90)

Underground Railroad / Rezo Sekrè pou ede esklav fè mawonaj se yon sistèm ki te ede esklav Afriken Ameriken yo suiv yon rezo pou sove nan Sid pou yo kapab jwenn libète yo nan Nò (p. 221)

unfair trade practices / pratik komèsyal malonèt se pratik komèsyal ki pwokire yon gen nan depans pou fè konkirans (p. 441)

union shop / konpayi sendike se yon konpayi ki egzije anplwaye yo pou yo antre nan yon sendika (p. 687)

urban renewal / renovasyon iben se pwogram gouvènman an ki la pou elimine povrete epi pou renove zòn iben yo (p. 707)

utopia / itopi se kominote ki baze sou vizyon yon sosyete pafè refòmàtè yo t ap chèche (p. 196)

V

vaquero / vakewo se moun ki te konn rasanble betay sou asyenda yo (p. 33)

vaudeville / varyete se teyat an sèn ki gen ladan divès ak, tankou danse, chante, komedi ak divètisman majik (p. 352)

vertical integration / entegrasyon vètikal se òganizasyon konpayi ki ofri ekipman ak sèvis ki nesèsè pou yon endistri espesyal (p. 321)

veto / veto se pouvwa chèf egzekitif la genyen pou li rejte lwa lejislati a pase (p. 112)

victory garden / jaden laviktwa se jaden sitwayen ameriken yo te plante pandan lagè a pou ogmante pwodiksyon legim pou itilizasyon nan kay epi pou kite plis pou twoup yo (pp. 458, 630)

Vietcong / Vyètkong se sòlda geriya faksyon kominis nan Vyetnam, ki rele tou Fwon Nasyonal Liberasyon (p. 777)

Vietnamization / Vyetnamizasyon se pwosesis pou fè Vyetnam Sid fè plis aksyon nan jefò pou lagè a, sa ki pèmèt yo retire twoup ameriken yo dousman nan Vyetnam (p. 791)

W

War Hawks / Patizan Lagè (Fokon) se manm Kongrè ki t ap fè presyon pou gen lagè avèk Grannbretay sou gouvènman Madison (p. 165)

war on poverty / lagè kont povrete se pwogram anti-povrete sou Prezidan Lyndon Johnson (p. 734)

welfare capitalism / kapitalis byennèt se sistèm kote konpayi yo te pèmèt anplwaye yo achte aksyon, patisipe nan pataj pwofi yo epi resevwa benefis tankou swen medikal an gwoup nan ane 1920 yo (p. 519)

white-collar / anplwaye biwo se djòb nan domèn ki egzije pou moun mete rad travay oswa abiman pwoteksyon, tankou lè y ap travay nan komès (p. 693)

writ of assistance / manda pèkizasyon se yon manda pèkizasyon ki pèmèt yon ofisyè ladwann antre nenpòt kote pou chèche prèv kontrebann (p. 78)

Y

yellow journalism / jounalis sansasyonalis se yon kalite repòtaj sansasyonèl, ki gen fòskote epi ki konn fo anjeneral (p. 400)

yeoman farmer / kiltivatè yewoman se yon pwopriyetè yon ti fèm avèk kat (4) oswa mwens esklav, epi souvan ki pa gen okenn esklav (p.183)

yuppie / youpi se yon jenn moun edike nan kolèj ki anplwaye nan yon pwofesyon ki byen peye eki k ap viv ak travay nan oswa toupre yon gran vil (p. 875)